# ФОЛЬКЛОР И ЛИТЕРАТУРА НАРОДОВ КАВКАЗА

**УДК 821.352.30**

**DOI: 10.31143/2542-212X-2018-2-82-93**

## О ВОПРОСАХ ХУДОЖЕСТВЕННО-ЭСТЕТИЧЕСКОГО УРОВНЯ СОВРЕМЕННОГО КАБАРДИНСКОГО РОМАНА

**Х.Т. ТИМИЖЕВ**

*Институт гуманитарных исследований – филиал ФГБНУ «Федеральный научный центр «Кабардино-Балкарский научный центр Российской академии наук»*
*360000, КБР, г. Нальчик, ул. Пушкина, 18*
*E-mail: maryana.khezheva@yandex.ru*

**Аннотация.** В статье рассматриваются вопросы современного художественного уровня кабардинского романа, его жанрово-видовой эволюции и эстетической специфики. Научная значимость исследования состоит в выявлении проблемы диверсификации ценностной системы, формирующейся отдельно в кабардинской литературе в контексте общероссийского культурно-исторического пространства. Применен историко-типологический метод. Большое внимание уделяется, прежде всего, вопросу соотношения характерных для кабардинской литературы образов и мотивов в творчестве классиков и в творчестве авторов так называемого «среднего» поколения. На примере этих авторов прослеживается динамика развития поэтики, жанровых особенностей кабардинской прозы, в частности романа, которую можно рассматривать как ключевое определяющее направление в контексте национального литературного процесса. Здесь также отмечается, что современные авторы представляют прошлое этноса с современной точки зрения, с опорой на новые философские идеи. Практическая значимость работы обусловлена возможностью их использования в осмыслении специфики национального литературного процесса постсоветского периода и выявлению особенностей реализации творческих принципов конкретных авторов. Она также будет востребована в практике средней и высшей школы северокавказских республик, в которых изучается литература народов России.

**Ключевые слова:** кабардинская литература; адыгский роман; эволюция жанра; художественно-эстетические особенности; ментальность; фольклор; творческие принципы.

## TO THE QUESTIONS OF THE ART-AESTHETIC LEVEL OF THE MODERN KABARDIN NOVEL

**Kh.T. TIMIZHEV**

*Institute of Humanitarian Researches – the filial of the Federal State Budgetary Scientific Establishment «Federal Scientific Center «Kabardin-Balkar Scientific Center of the Russian Academy of Sciences»*
*360000, KBR, Nalchik, Pushkin st., 18*
*E-mail: maryana.khezheva@yandex.ru*

**Abstract.** The article deals with the contemporary artistic level of the Kabardian novel, its genre-species evolution and aesthetic specificity. The scientific significance of the research is to identify the problem of diversifying the value system, formed separately in the Kabardian literature in the context of the all-Russian cultural and historical space. The historical-typological method is applied. Much attention is paid, first of all, to the question of the correlation of images and motifs typical for the Kabardian literature in the work of the classics and in the work of the authors of the so-called «middle» generation. On the example of these authors, the dynamics of the development of poetics, the genre features of Kabardian prose, in particular a novel, can be traced as a key determining direction in the context of the national literary process. It is also noted here that modern authors represent the past of the ethnos from the modern point of view, with the support of new philosophical ideas. The practical importance of the work is due to the possibility of using them in understanding the specific features of the national literary process of the post-Soviet period and identifying the features of implementing the creative principles of specific authors. It will also be in demand in the practice of the secondary and higher schools of the North Caucasian republics, in which the literature of the peoples of Russia is studied.

**Key words:** Kabardian literature; literary process; Adygeyan novel; genre evolution; artistic and aesthetic features; mentality; folklore; creative principles.

ХХ лIэщIыгъуэм и иужьрей илъэсипщIитIым къриубыдэу къэралым зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр зэрыщекIуэкIамрэ абыхэм Iуэху еплъыкIэщIэхэр къызэрагъэщIамрэ лъабжьэ хуэхъуащ адыгэ литературэм, хэгъэщхьэхукIауэ лъэпкъ прозэм игъуэта унэтIыныгъэщIэхэм. Апхуэдэу адыгэ литературэр гъуэгущIэ тешэным щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэ хуэхъуахэм ящыщщ лIэщIыгъуитIым (илъэс минитIым) я зэблэкIыгъуэхэм ирихьэлIэу совет къэралыгъуэ иныр зэрызэхэщэщэжар, абы щIыгъуу адыгэ тхыбзэ литературэр къыщежьа, идеологие пыухыкIам щIэту зыщиужьа лъэхъэнэри тхыдэм зэрыхыхьэжар. Абы и пIэм къиуващ цIыхухэм я псэукIэ-зэхэтыкIэм, экономикэм, политикэм нэгъуэщI теплъэ езыта Iуэху зехьэкIэщIэхэр.

Литературэр къапщтэмэ, апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр абы лъэужьыншэу къыщынэркъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Хэкум, жылагъуэм къыщыхъухэм ар сыт щыгъуи кууэ хэпщIауэ къогъуэгурыкIуэри. Аращ лъэпкъ прозэм, хэгъэщхьэхукIауэ роман жанрым къикIуа гъуэгуанэм дыщриплъэжкIэ, абы и фащэр ихъуэжу щыщIидза лъэхъэнэу 90 гъэхэр къыщIыхэдгъэщхьэхукIыр. Апхуэдэу щытми, къыхэгъэщын хуейщ блэкIа лIэщIыгъуэм и 80 гъэхэм совет къэралым щыщIидзэгъа нахуагъэмрэ цIыхум игу илъыр жиIэну игъуэта хуитыныгъэмрэ лъэпкъ прозэм лъэужьыншэ зэрыщымыхъуари. Абыхэм фIы куэд къадэкIуащ, ауэ я Iуэху еплъыкIэр ехьэкI-къехьэкI хэмылъу къаIуэтэну, прессэм щыжаIэну ягъуэта хуитыныгъэхэм ди цIыхухэр хуэмыхьэзыру къыщIэкIат. Ахэр я лъабжьэу къэралым щекIуэкIащ цIыхубэ зэщIэхъеенығъэхэр, жылагъуэ-лъэпкъ зэжьэхэуэныгъэхэр, уеблэмэ щIыналъэ зауэхэр. Лъэпкъ прозэр а Iуэхугъуэ гугъухэм хэмыIэбэу лъэныкъуэкIэ щытакъым (Нало З., Щамырзэ I., Слъон Л., ГъущIо З., нэгъуэщIхэми я повестхэмрэ рассказхэмрэ), ауэ художественнэ псалъэм и къарукIэ нэгъэсауэ ахэр зэпкърыхыныр адыгэ литературэм иджыри зэфIэха щымыхъуа лэжьыгъэщ.

Зи гугъу тщIы лъэхъэнэм лъэпкъ прозэм, псом хуэмыдэу «тхыдэ романхэм, къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэм ящыщщ къэхъукъащIэ гуэрым хэт

литературэ лIыхъужьым и дуней еплъыкIэкIи, псэкIи игъуэт зыужьыныгъэр къетхэкIыным къыпыкIыу езы тхыдэ къэхъугъэр джыным, къэгъэлъэгъуэным тхакIуэхэр зэрыхуэкIуар» [Тимижев, Тхагазитов 2009: 154]. Иджы ахэр хущIокъу лъахэм и псэукIэр, цIыхубэм и дунейр зыхъуэж тхыдэ къэхъугъэ инхэр къэзышэ щхьэусыгъуэхэр къэхутэным, апхуэдэ дыдэуи къалэн зыщащIыж а къэхъукъащIэхэм, иджырей Iуэху еплъыкIэ зэхуэмыдэхэм тещIыхьауэ, яхуэфащэ пщIэ етынри. Художественнэ тхыгъэхэр къат щхьэхуэурэ зэтепщIыкIыу щIадзэ. Литературэ лIыхъужьым и сурэтыр иращIу тхакIуэ нэхъыжьхэм къагъэсэбэпу щыта плъыфэхэм адыгэ тхакIуэхэр къапокIри персонажхэм я дунейр, я хьэл-щэныр къэгъэлъэгъуэным къыхашэ гъащIэ коллизие ткIийхэр, лъэпкъ, дин, цIыхубэ зэщIэхъееныгъэ инхэм япыщIахэр. Мы илъэсхэм къэщIэрэщIэжу щIедзэ игъащIэ лъандэрэ лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэфIхэм, адыгэм и художественнэ къэухьым зезыгъэубгъу, гъащIэм и плъыфэ зэхуэмыдэхэм къэзыгъэщI псэкупсэ дунейм литературэр ешэлIэныр. ПIалъэкIэ Iэнкуну щыщыта илъэсхэр къызэренэкIри лъэпкъ литературэм зрепщыт къыщIэгъэлъауэ адыгэм и блэкIар къэгъэлъэгъуэжыным. Зым адрей иужь иту дунейм къытохьэ тхыдэ роман хъарзынэхэр (КIыщокъуэ А. «Лъапсэ», ШэджыхьэщIэ Хь. «ЛъыщIэж», МафIэдз С. «Гъыбзэ хуэфащэт», «Мыщэ лъэбжьанэ», Тыуаршы А. «Псыкъелъэм и макъамэхэр», Бэлагъы Л. «Гуащэнэ», АбытIэ В. «Уэсэпс шыугъэ», «Ирамышыжа нысащIэ», Елмэс А. «Бгъэхэм къуршым къагъэзэж», Жылэтеж С. «Пащтыхь хужьым и лIыкIуэ», Къандур М. «Кавказ», «Шэрджэсхэр. Балкан тхыдэ», ХьэхъупащIэ Хь. «ГущIэгъуншэ», н.).

А илъэсхэм дунейм къытехьа тхыгъэшхуэхэм яхолъагъуэ адыгэ тхакIуэхэм тегушхуауэ зрапщыту зэрыщIадзар лъэпкъым и гъащIэр убгъуауэ къэгъэлъэгъуэным, абыкIэ тхыдэ-революцэ лъэныкъуэмкIэ ещIа тематикэмрэ поэтикэмрэ зэпIэзэрыт щIыжыным хущIэкъухэу. ТхакIуэ щIалэхэм я къэлъыхъуэныгъэхэм ахэр хуашащ гупсысэкIэ, унэтIыныгъэ зэмыщхьхэм къагъэщIа хъэтI зэмылIэужьыгъуэхэм заубгъуным, адыгэ литературэр хуабжьу зыхуэныкъуа лиризм щабэм къару игъуэтыным. Нэхъапэм ар усыгъэм нэхъ къыхэщу, абы пкъы хуэхъуу щытамэ, иджы абы и лъэр щигъэбыдэу хуежьащ зэуэ Iуэхугъуэ куэд къызэщIэзубыдэ, уеблэмэ тхыдэ къэхъукъащIэ инхэр къэзыIэт прозэми. И тхыгъэм щIилъхьэ гупсысэми, темэми тхакIуэр зэрабгъэдыхьэ щIыкIэми зихъуэжащ: иджы ихъуреягъыр къетхэкIыным ар къыпыкIри купщIэр къызэкIуэцIыхыным, цIыхум и псэкупсэ дунейр къызэIухыным, психологизмэр нэхъ ткIий щIыным яужь ихьащ. Абы езым къигъэщIыжу щIедзэ япэм адыгэ литературэм имыIа жанр-хъэтI гъэщIэгъуэнхэр. Утыку къохьэ пкъыгъуэ, унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр щызэхэжыхьа, зэманым япэ ища мэгъу гупсысэхэр, щIагъыбзэ куухэр зыщIэлъ романхэмрэ повестхэмрэ (Шортэн А., КIыщокъуэ А., ЩоджэнцIыкIу I., Уэхъутэ А., Къашыргъэ Хь., ХьэхъупащIэ Хь., Кхъуэхъу Ц.). Псом япэу ахэращ зи фIыщIэр лъэпкъыр зыхэпсэукI дунейм зыгъэгуфIэу е зыгъэпIейтейуэ хэлъхэр художественнэ тхыгъэхэм тегушхуауэ къыщыгъэлъэгъуэжа зэрыхъуар. Апхуэдэ тхыгъэхэм къахохьэ «тхыдэм зи цIэр игъэлъапIэхэм къадэкIуэу ар гуитIщхьитI зыщI цIыху щхьэхуэхэм  я образхэри, къэхъукъащIэхэм зэрахущытыр я щхьэ

течауэ жызыIэф лIыхъужьхэри, къэралым, абы и унэтIакIуэ къарухэм я Iуэху еплъыкIэм демыжьу гупсысэкIэхэри» [История адыгской… 2013: 254].

Дызытепсэлъыхь лъэхъэнэм адыгэ прозэм щIэуэ къыхыхьахэм ящыщщ лъэпкъым къыдекIуэкI жьэрыIуатэ новеллэ гуэрхэр лъабжьэ зыхуэхъужа тхыдэ романхэр. Зы къэхъукъащIэм теухуа хъыбарым роман псо къигъэтэджыкIын Iэмалыр, хэхэс адыгэхэм къахэкIа тырку тхакIуэшхуэ Хьэгъур Ахьмэд хуэдэу, къагъэсэбэпащ Къашыргъэ ХьэпащIэ («ПшэкIухь»), Шэджыхьэщ Iэ Хьэмыщэ («ЛъыщIэж»), Журт Биберд («Унагъуэ») сымэ, нэгъуэщIхэми. ЛъэхъэнэкIэ мы романхэм къыщыгъэлъэгъуэжар пщылIхэмрэ гъэпщылIакIуэхэмрэ щыщыIа зэманырщ, лъабжьэ яхуэхъуари адыгэхэм къадекIуэкIыу щыта хабзэзэхэтыкIэхэрщ.

Къашыргъэ ХьэпащIэ и романыр къызытрищIыкIыжар 1958 гъэм къызэрытрадзэу цIэрыIуэ хъугъа «Баз» рассказым къыщиIуэтэжа хъыбар гуузырщ. Рассказым купщIэ хуэхъуа гупсысэм зыщригъэубгъуащ тхакIуэм и «ПшэкIухь» романым, абы хэта персонажхэми, псом япэу мыщэм базкIэ ебэну хэкIуэда Аслъэмырзэ и къуэ Батыр, ар къан зыщIыгъа Аслъэнбэч, Лъостэн, пщы гущIэгъуншэ Мысост, нэгъуэщIхэми уащыхуозэ. Романым художественнэ Iэзагъ ин хэлъху къыщыгъэлъэгъуэжащ тхьэмыщкIагъэмрэ щхьэхуимытыншагъэмрэ ирагъэза адыгэ мэкъумэшыщIэхэм я хуитыныгъэхэм папщIэ ирагъэкIуэкIа бэнэныгъэр.

ЕщIэнокъуэ зэкъуэшхэм я лIыгъэм, IуэхущIафэм теухуа хъыбарымрэ уэрэдымрэ лъэпкъым куэд щIауэ къыдокIуэкI. Ахэращ лъабжьэ хуэхъуар Шэджыхьэщ Iэ Хьэмыщэ и «ЛъыщIэж» романым. АдыгэлIымрэ адыгэшымрэ я зэфIэкIым уэрэд хуаусу, адыгэ уэркъ щауэхэр лIыгъэщIапIэ зэримыгъахуэу цIэрыIуагъкIэ зэпеуэу щыщыта феодал лъэхъэнэрщ романым къыщыгъэлъэгъуэжар. Лъэхъэнэр зыхуэдар наIуэ ящI романым и лIыхъужьхэм ящыщ зы ЕщIэнокъуэ Уэзырмэс и псалъэхэм: «Дэтхэнэ зы къуажэдэсми дыхуэдэщ, ауэ къэхъуакъым лей дгъэгъуауэ, зыгуэрым и лъы щIыхуэ къызытедгъэнауэ… Зы адыгэ лей къытехьамэ, лъэпкъ псом лей къытехьауэ аращ, а лейр бийм хуэбгъэгъумэ, уэ а лъэпкъым ущымыщу е ухуэмыфащэу фIэкIа нэгъуэщIу плъытэ хъунукъым» [Шекихачев 1994: 158]. Пщы-уэркъхэм я зэныкъуэкъу, зэдауэ мыухыжхэм цIыхубэр гузэвэгъуэм хагъэкIыркъым. Апхуэдэ гъащIэм насыпыфIэ щыхъуркъым лIыгъэрэ хахуагъэкIэ къыхэжаныкIхэри, инэхъыбэрамэ, абыхэм къалъысыжыр я ужькIэ къанэ хъыбархэмрэ гъыбзэхэмрэщ: «ЕщIэнокъуэ зэшитIыр щыщIалъхьа махуэм къригъажьэри махуэ плIыщIрэ тхукIэ, уридэкIуеиным хуэдэу, уэшх къешхауэ жаIэж, зэкъуэшхэм дэтхэнэми илъэсу къигъэщIам и махуэ зырыз» [Шекихачев 1994: 193]. Лъэпкъыр бэлыхь хэзыгъэту, и цIыху нэхъыфIхэр зытекIуадэу щыта хабзэжьхэм ебэныныр щыщIэгъэткIия тхыгъэщ «ЛъыщIэж» романыр.

Тхыдэ, тхыдэ-революцэ романхэмкIэ щыз хъуа лъэпкъ литературэм щымащIэ унагъуэ, цIыху зэхущытыкIэ темэрщ къыщиIэтыр Журт Биберд и «Унагъуэ» романым. КъашыргъэмрэШэджыхьэщIэмрэ я тхыгъэхэм хуэдэу, «Унагъуэм» и сюжетым лъабжьэ хуэхъуар IуэрыIуатэ хъыбар Iэрамэщ. Зэгуэрым щакIуэ къикIыж гупым, пщы Елмырзэ зи пашэм, гъуэгум телъу сабий къегъуэт. ИужькIэ къызэрыщIэкIыжымкIэ, ар пщым и унэIут цIыхубзым

нэчыхьыншэу хуигъуэта бынт. Щэхуу бзылъхугъэм гурыIуэри шу гупыр къызэрыкIуэжыну лъагъуэм къытригъэлъхьауэ арат. Пщым сабийр зыIэрыхьэр зригъэлъагъуну хуейти, ар бынушэ Инал хуигъэзащ. АдэкIэ, хъыбар фабулэм тету, мылъку гуэшыным къыщожьэри щIалэ цIыкIум и Iуэхум псалъэмакъ къотэджыкI, зэкъуэшхэр зэщоIей. ГъуэгулI балигъ иджыри мыхъуауэ и адэ-анэр дунейм йохыж, езыри щIапIэм кърахури и занщIэр и гъуэгу йожьэж. Ар «Аущ-Джэрджий бгыжьым и лъабжьэм щIэс жылэм носри» хэщIапIэ хуохъу. Романым и кIэухми таурыхъ теплъэщ иIэр: и IэщIагъэкIэ, зэфIэкIкIэ цIэрыIуэ хъуауэ щIалэм егъэзэж къыздыдэкIыгъа жылэжьым. Пщыр сымаджэу хэлъу ирохьэлIэж. Абы ГъуэгулI ирегъэблагъэри къыхуеIуэтэж Iуэхур зэрыхъуар икIи къолъэIу хуигъэгъуну, езым и пIэкIэ къуажэпщу къызэригъанэри къыжреIэ. Ауэ ГъуэгулI ар идэркъым: «Лей зепхьамэ сэ пхузогъэгъу, Алыхьым къыпхуигъэгъуу щытмэ, нэгъуэщIкIэ укъысщымыгугъ», – жеIэри къожьэж. ЩIалэр хуэпIащIэрт фIыуэ илъагъу и унагъуэм, унагъуэ хъуэпсэгъуэм икIи узыншэм. Арат абы и гъащIэ псор зыхэлъыр» [Журтов 2004: 196].

Журт Биберди, къэдгъэлъэгъуа адрей тхакIуэхэм хуэдэу, IуэрыIуатэ къэухьым имыкIыфами, романым къыпкърыкI гъэсэныгъэ мыхьэнэр инщ. Лъэпкъым, жылагъуэм и къарум и къыхэкIыпIэу унагъуэр зэрыщытыр гупсысэ нэхъыщхьэу щIэлъщ романым. Тхыгъэм и пщIэр къэзыIэтхэм ящыщщ этнографием ехьэлIа Iуэхугъуэхэри. XIX лIэщIыгъуэм адыгэ къуажэм и псэукIар, цIыху IэпщIэлъапщIэхэм – гъукIэ, дыщэкI, фащIэ, ухуакIуэ Iэзэхэм, нэгъуэщIхэми – я лэжьэкIэмрэ IуэхущIафэхэмрэ къыщыгъэлъэгъуэжа теплъэгъуэхэм романыр реализмэм и бзыпхъэм кърешэлIэж.

ЩIэблэр гъэсэным адыгэхэм ирату щыта мыхьэнэр, унагъуэм илъын хуей IэфIагъыр, гуапагъыр, зэдэлъху-зэшыпхъухэм яку дэлъыпхъэ пщIэр, нэмысыр, зыр адрейм къыщхьэщыжу псэун зэрыхуейр зыхозыгъащIэ тхыгъэщ Елгъэр Кашиф и «Щыуагъэ» романри (1988). Елгъэрым и IэдакъэщIэкIым къыщиIэт Iуэхугъуэхэмрэ къыхэхыпхъэ дерсхэмрэ, дауи, унагъуэ, гъэсэныгъэ Iуэхухэм хуэбгъэкIуэныр мащIэщ. В. Распутиным и повестхэм хуэдэу, Елгъэрым и романми лъэпкъ литературэм психологизмэр нэхъ куу щищIащ, псэр дыкъуакъуэ щыхъум деж, напэм и тезырыр зэрынэхъ хьэлъэр къыщигъэлъэгъуэжри.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ, тхакIуэм адыгэ литературэм къыхишащ тхыдэм нэхърэ напэм и пащхьэ щихь жэуаплыныгъэр зыкIи нэхъ мащIэу зымылъытэ, и напэр и хеящIэу, и гъащIэ псокIэ ипшыныжыну тезыр зытезылъхьэж цIыхум и образ гукъинэжыр. ЦIыхубэм щапхъэ зытрах лIыхъужь зэпэщхэу лъэпкъ прозэм дызыщрихьэлIэхэм ещхькъым МывэщIэ Хьэжбатыр. Щыуэу Iичрэм къэзыхьыжа цIыхум и «фэеплъ сын» щIыныркъым тхакIуэм и гулъытэр зыхуигъэлажьэр, атIэ абы и хьэл-щэныр къэзыгъэщIырщ, сыт хуэдэ гъэсэныгъэ зэпэщ къэзылъхуахэм бгъэдамылъхьами, и псэм тIасхъапIэ гуэр иIэнкIэ зэрыхъунурщ. Апхуэдэ гуитIщхьитIыгъэм къыхокI Хьэжбатыр и щыуагъэр – нэмыцэхэр ди Хэкум къыщытеуам, лъэбакъуэ пхэнж еч.

Зауэр гъэунэхупIэ ткIийщ, абы и кIэр хьэдагъэщ, хэкIуэдахэр ягъеижкIэ имыухыу. Къелахэри абы псэкIэ ныкъуэдыкъуэ ещI. ТхакIуэм зауэр къызэригъэсэбэпыр и лIыхъужьым и хьэл-щэныр иубзыхун, абы гукIэ

зэригъэзахуэ, псэкIэ игъэвхэр сэтей кърищIын, икIэм-икIэжым ар зэригъэзэхуэж Iэмэпсымэущ. А къалэным тхакIуэр зэрегугъур, гущIэгъу зыхуозыгъэщI цIыхуу Хьэжбатыр зэрыщытыр къыхигъэщащ критик Щауэ Къалидари. Ауэ зэхэгъэкIыпIэ щихуэм, «дыкъуакъуэ хъуа и гупсысэм зэм нэмыцэхэм я дежкIэ, зэми ди дежкIэ иригъэщIащ, и тезырри езым зытрилъхьэжащ» [Шаов 1989: 4]. Апхуэдэу щытми, лIыхъужьыр и напэм, и лъахэм, и лъэпкъым хуэпэжу къэнэжащ; гущIэгъу къыхуэзыщIхэм факъырэ Iус кърату ар псэуащ, ауэ и адэми, и бынунагъуэми закъригъэцIыхужакъым. Ар дунейм ехыжа нэужь, хьэдэр игъэпскIыну къраджащ и адэ-ефэндыр. Мы теплъэгъуэр тхыгъэм и сюжетыр нэхъ ткIий щыхъу Iыхьэщ: Хьэжбатыр и бгъэгум тет анэлымкIэ адэм ар къицIыхужащ, икIи къэхъуар лIыжьым и гум хуэшэчакъым. ХьэдитIыр зэгъусэу а махуэм щIалъхьащ, ауэ зылъэгъуахэм къахуэщIакъым, игъэпскIын хуеймкIэ и Iэр шияуэ лIыжьым и псэр щIыхэкIам и щхьэусыгъуэр.

ЦIыхур зэхэщIыкIын, щыуари щымыуари гулъытэншэу къэмыгъэнэн – ахэращ романым къыхэхыпхъэ дерсу тхакIуэм тхылъеджэр зыхуигъэIущыр. Езы тхакIуэми зэритххщи, щымыуэрэ мыгъуащэрэ щыIэкъым, «сыт пщIэн мыгъуэ, небэ-къебэныр Хьэжбатыр деж щыпэублэкъым икIи щыпэухкъым». Апхуэдэ къызэрыхъур дигу къигъэкIыжу, М. Шолоховым и «черкесюгэ», «сампIэимыхьэ» Мелехов Григорий  Хьэжбатыр «бгърилъхьэ-бгъурихыурэ» тхакIуэм къытхукъуегъэплъ, и лIыхъужьыр абыкIэ иригъэзэхуэн мурад иIэу.

«Щыуагъэ» романыр адрейхэм къащхьэщызыгъэкI нэгъуэщI щапхъэхэри къыпхуэхьынущ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, тхыгъэм и гъэпсыкIэ гъэщIэгъуэнри (Хьэжбатыр и гъащIэм и къекIуэкIыкIар зэрыт тетрадыр), сюжет удэзыхьэхыр, цIыху куэдым я гъащIэ къыщынахуэр, нэгъуэщIхэри. Ауэ романым и къарум и къыхэкIыпIэ нэхъыщхьэр тхакIуэм абы щишэщI «гупсысэм и Iэпсэлъэпсэуагъырщ, къыщIикъузыкI художественнэ дерсым и кууагъырщ» [Шаов 1989: 4].

КъэхъукъащIэ гуэр (нэхъыбэу революцэм, зауэм щыгъуэ къэхъуауэ) къэгъэлъэгъуэжыныр зи щIэдзапIэу щыта адыгэ романым философие купщIэ игъуэтыным хэлъхьэныгъэ щхьэпэ хуэхъуащ романхэу «Мывэ лъэхъэнэ» (Бещтокъуэ Хь.), «Лъапсэ» (КIыщокъуэ А.), «ЩомыгъэтIылъам щылъыхъуэ» (Мэлбахъуэ Э.), «Къоджэм уигъэжейркъым» (Къэрмокъуэ М.), «Мыщэ лъэбжьанэ» (МафIэдз С.), «Бгъэхэм къуршым къагъэзэж» (Елмэс I.), «Абраг» (Куэшбей Ж.), нэгъуэщIхэри. Мы тхыгъэхэм гъэщIэгъуэну зэхэгъэжыхьа щыхъуащ лIэщIыгъуэрыбжэ литературэхэм къадэгъуэгурыкIуэ хабзэфIхэмрэ адыгэ лъэпкъ прозэм и поэтикэмрэ. Абы и щапхъэщ Бещтокъуэ Хь. и «Мывэ лъэхъэнэ» романыр, усэбзэ дахэкIэ тхар. «Къамботрэ Лацэрэ» (ЩоджэнцIыкIу А.) и ужькIэ усэу тха роману лъэпкъ литературэм къыхыхьар «Мывэ лъэхъэнэ» (Бещтокъуэ Хь.), «Тенджызищым я Тхьэгуащэ» (АбытIэ В.), «Пащтыхь гуащэ» (Бэлагъы Л.) тхыгъэхэрщ.

Эстетикэ купщIэшхуэ зыхэлъ дамыгъэхэр и щIэгъэкъуэну языныкъуэ адыгэ тхакIуэхэр гугъу езыгъэхь схематизмэм, хабзэ убзыхуахэм я къэухьым ибэкъукIын зыхузэфIэкIа зырызхэм ящыщщ Бещтокъуэр. Романым и пкъым щызэпыщIащ лIыхъужьым и гупсысэкIэ куури, лъэхъэнэ блэкIамрэ

къэкIуэнумрэ я зэныкъуэкъури. Роман-притчэкIэ узэджэ хъуну мы тхыгъэмкIэ псом япэу кIуапIи жапIи зимыIэж «идиллие хронотропыр» (Бахтин М.) усакIуэм зэхекъутэри зэманышхуэ къызэщIэзыубыдэ дунейм и теплъэ-зэхэлъыкIэщIэ ищIыну хуожьэ. АбыкIэ ар ебгъэщхь хъунущ Ахматов Ч., Пулатов Т. сымэ я повестхэм. Абы щыгъуэми, Ахматовым лъэпкъыр зэтеIыгъэн къалэныр мифым и пщэм ирилъхьэмэ, Бещтокъуэм и гупсысэр зыхуэунэтIар мифым и малъхъэдисым къыIэщIэхауэ лIыхъужьым и щхьэ закъуэ зэфIэкIыр къыхэгъэщынырщ.

«Мывэ лъэхъэнэ» (1985) романым игъэзащIэ къалэнымрэ щIэлъ гупсысэмрэ тещIыхьауэ убгъэдыхьэмэ, жыпIэ хъунущ абы унэтIыныгъэ зытIущ иIэу. Ар къэплъытэ хъунущ философие усыгъэу, цIыхумрэ щIыуэпсымрэ яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэхэр къэзыгъэнахуэу, цIыху хьэл-щэныр къэзыпщытэ гъэунэхуныгъэу, мыхъумыщIагъэм лъэщу пэщIэувэ тхыгъэу.

ФIы и лъэныкъуэкIэ къыхэгъэщыпхъэщ сюжетым къыхуигъуэта унэтIыкIэри. Тхыгъэм и пэщIэдзэм дунейр пасэ зэман диям итщ, зэманри щIыпIэри аузым дэкъузауэ. Ауэ абы Ану къызэрыхыхьэу кIэрэ пэрэ иIэ мэхъу. Дунейм и инагъыр игъэлъагъуэкIэрэ, усакIуэм къыдгурегъаIуэ и лIыхъужьым къыпэщылъ къалэным и инагъыр. Ану ХьэнэIум щыхуэзэр тхыгъэм и лъагапIэщ: абдежырщ лIыхъужьыр и псэмрэ и напэмрэ хэдэн хуей щыхъур. ЦIыхум зыужьыныгъэр къыпэщылъщ икIи абы пимыкIуэтыжынумэ, ар гугъуехькIэ къилэжьын хуейщ. Ану зыхалъхуа дуней мыхъейр щыIэжкъым, ар зыхуэкIуэнури гугъуехьыншэу къехъулIэнукъым, аращи, гъащIэм бэлыхьыр къыхохьэ, акъылыр зэщхьэщеху е езы гъащIэр зэщхьэщокIуэт, зым и фIыр адрейм и мыгъуагъэу. Абы Ану ирехужьэ, «дуней зэщхьэщыкIар» и пIэм изыгъэувэжын пэж къилъыхъуэну. Ар псым йокI, бгым докIри зылъыхъуэр къыщигъуэтыр «къаруи-псэруи къыхуэмынэжауэ, и нэр щыукIыфIыкIыу, жыгыщхьэм нэса нэужьщ – ар гъащIэщIэм хуэзышэ гъуэгурэ щIыналъэ хъуэпсэгъуэрэщ…» [Бештоков 1985: 136].

Тхыгъэм и сюжетыр ауэ къекIуэкI хъыбар гуэркъым, ар философие гупсысэ куухэм я кIадэщ, мифологием къыщежьэу иджырей цIыхум и зэхэщIыкIым къэсыху псыхьа акъылкIэ гъэнщIауэ. Бещтокъуэм хузэфIэкIащ цIыху щхьэзакъуэм и зэхэщIыкIым зиужьурэ цIыхубэм и пащхьэ къиувэ къалэнхэр къыпкърыхьэу, зыхищIэу хъуныр къэгъэлъэгъуэжын. АбыкIэ «Мывэ лъэхъэнэ» романыр лъэпкъ литературэ къупхъэм икIри дунейпсо гъуазджэм къыпэщылъ Iуэхугъуэ зэфIэхыгъуейхэр зэригъэзэхуэну иужь ихьащ.

Къигъэсэбэп художественнэ IэмалхэмкIэ, щIагъыбзэкIэ къэIуэта гупсысэ куухэмкIэ, лъэпкъым и къэкIуэнум теухуа мэгъу псалъэхэмкIэ Куэшбей Жэмбулэт и «Абраг» романыр (2004) пэгъунэгъущ Бещтокъуэм и тхыгъэм. УрысыбзэкIэ тха мы тхыгъэми щIагъыбзэхэмрэ дамыгъэхэмрэ увыпIэшхуэ щаубыд. ТхакIуэм эпосымрэ нобэрей гъащIэмрэ романым щызэхегъэткIухьри гупсысэ пIейтеяхэр щызэлъэIэс, щызэхэпщIэ нэзхэм дуней гъэщIэгъуэн къыщегъэщI, адыгэм и плъыфэхэмрэ нэщэнэхэмрэ щытепщэу. Нартхэм я хьэмтетыгъуэр щиухым, а дунейм и фэеплъу цIыху лIакъуэм къыхуагъэнат эпосыр, адэкIэ ирипсэуну, иригъуэзэну. Iущыгъэм а и кIадэм и щхьэр трахамэ, нартхэр къыхишырт гъэунэхуныгъэ нэхъ гугъухэми. Ауэ «ЦIыху ЦIыкIухэм» я

зэманыр къэсри, «хэгъэрейхэр» - лIыхъужьхэм я Iэщэзехьэхэр, лIыгъэщIапIэ ихьэну хуитыныгъэ зимыIэхэр – къэунэхуащ, лъэпкъым и лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэмкIи емыплъэкIыж хъуащ. Ауэ сытым хуэдэу гурыIуэгъуафIэт, къызэрыгуэкIт нарт хъыбарыжьхэр, ауэ «и куэагъым, щIэныгъэ лъащIэншэ иIэм демыгупсысу абы и щхьэфэм дрожэ. Ар Iэмал имыIэу дызыхуейщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Эпосым, мыхъурым и нэкIум хуэдэу, къытощ ди блэкIари, къэкIуэнури. БлэкIамрэ къэкIуэнумрэ ди Iэзэгъуэ имыт щхьэкIэ, нобэр – а лъэхъэнитIыр зэпызыщIэжыр – къыгуэхыпIэ имыIэу дэтхэнэ зыми къыдэпхащ» [Кошубаев 2004: 51].

Дунейм и зы картэми имыт Нарт хэкур зэманми, къэзэуакIуэ бжыгъэншэхэми пэщIэтыфащ. Абы и гъунапкъэр «кавказ лъэпкъхэм я гум зыщеукъуэдий. Дэ псоми ди къежьапIэр аращ» [Кошубаев 2004: 62]. Абы къыхэкIыу Абраг къалэр кIуэдыжами, ноби псэущ нарт лIыхъужьхэр, Лъэпщи Нарт хэкум къыхуихьыжыну насыпым и лъыхъуакIуэ ежьащ. Iэпщацэ З., Бещтокъуэ Хь. сымэ хуэдэу, Куэшбейри хущIэкъуащ адыгэм и блэкIар мифхэмрэ дамыгъэхэмкIэ, художественнэ Iэмалхэмрэ философие купщIэхэмкIэрэ къигъэлъэгъуэжыну. ТхакIуэми ар къехъулIащ.

Лъэпкъым и тхыдэ гъуэгуанэр блэкIа Iуэхугъуэ гуэркъым, абы адыгэхэм я нэгу щыщIэкIахэр – гуфIэгъуэри гузэвэгъуэри – нобэрей ди гъащIэм къуэпс быдэкIэ пыщIащ, ди гупсысэри IуэхущIафэри иридунэтIу. ЛIэщIыгъуэхэм я дэфтэр тхылъхэм къахотэджыкIыжри художественнэ псалъэм и фIыгъэкIэ иджырей гъащIэм къыхохьэж зи цIэр лъэпкъым и гум щихъумэ икIи щигъафIэ лIыхъужьхэр. Абыхэм ящыщ зы, Къэбэрдейм и иужьрей пщы уэлий Жанхъуэт Кушыкурэ ар щыпсэуа лъэхъэнэмрэ теухуащ МафIэдз Сэрэбий и роман «Мыщэ лъэбжьанэ» зыфIищар (1998). А цIыху цIэрыIуэм и гъащIэмрэ и IуэхущIафэхэмрэ нэгъуэщI тхыгъэхэми къахощыж: Нало А. и роман-гукъэкIыж «Псы Iуфэм Iут унэ цIыкIу», «Нэхущ шухэр», IутIыж Борис и драмэ «Кушыкупщ», нэгъуэщIхэми.

80 – 90 гъэхэм къэралым щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэхэр къыдэунэхуащ. Ахэр лъабжьэ хуэхъуащ адыгэм и блэкIам нэгъуэщI еплъыкIэ худиIэным, адрей лъэпкъхэми хуэдэу, мы дунеижьым гъащIэ гъуэгуанэ кIыхь къызэрыщикIуар, зэрылъэпкъыжьыр, тхыдэ къулей зэриIэр, щIэуфэ хэмылъу тхыжыным. И щхьэ Iуэхумрэ лъэпкъ Iуэхумрэ хэдэн хуей хъу цIыхум и гущIэр къизысыкI, и псэр зэхэзехуэн зыщI гурыщIэ гуащIэхэр тхылъеджэм зыхригъэщIэну хущIэкъуащ тхакIуэр. АбыкIэ МафIэдз С. къыдэIэпыкъуащ Iэзэу къигъэсэбэпа художественнэ Iэмалхэр – гум къиIукI монологыр, щIагъыбзэр, тхакIуэм и образ гъэпсыкIэ щхьэхуэр. Иджырей цивилизацэм къигъэщI гупсысэхэмрэ Iуэху еплъыкIэщIэхэмрэ и тегъэщIапIэу, тхакIуэр бгъэдохьэ зэманым жьы дэмыхъу лъэпкъ лъапIэныгъэхэмрэ тхыдэм къыхэхыпхъэ дерсхэмрэ.

Зи гугъу тщIа тхыдэ романхэм къащхьэщыкIыу мы тхыгъэм япэу зэфIэгъэува щыхъуащ зауэр зымыдэ, лъэпкъым и «зэIузэпэщ псэукIэм и гъащIэри и унагъуэм ис дэтхэнэ зым и псэри» шапэIудз хуэзыщIыну хьэзыр, мамарщIэкъу хэкулIым и образ зэпэщ. Иджыри къэс къэдгъэлъэгъуахэм пщыр зэрыхэтыр е мыхъумыщIэущ, е зауэм лIыгъэ къыщигъэлъагъуэущ. МафIэдзым

и лIыхъужьым лIыгъэ къызэригъэлъагъуэр шыIэныгъэшхуэ хэлъымрэ лъэпкъым и пащхьэ щихь жэуаплыныгъэр зэрызэхищIэмкIэщ. Пщым фIыуэ къыгурыIуэрт, - «Iэщэр дыбгъэгъэтIылъу пхъэIэщэкIыр дыбгъэубыдыну ара?» – жаIэу, къеныкъуэкъу уэркъхэм я зэманыр зэрыблэкIар. «Дауи, сэшхуэкIэ зэрахьэ лIыгъэр нэхъ наIуэщ, нэIурытщ. Алыхь-алыхь. Ауэ гъавэ бэв къэбгъэкIыныр, Iэщышхуэ зепхуэныр, дыщэкIыу, уанащIэу, хьилмышхуэ уиIэу уеджэныр абы нэхърэ нэхъ лIыгъэ мащIэкъым. Аращ зэгупсысыпхъэр», – къигъэдэIуэну хэтщ ар цIэрэ щхьэрэ иIэу хэкум исыр. Езым и гъащIэри, и IуэхущIафэхэри зыхуэунэтIауэ щытар пщы уэлийуэ щыхахым щыгъуэ жиIа псалъэхэрщ: «Лъэпкъ гъащIэм дэ дызэрыхуитыр дгъэпсэумэщ, армыхъумэ кIуэдыпIэм, укIыпIэм итшэну аракъым» [Мафедзев 1998: 47].

Гъэсэныгъэ, ущииныгъэ къаруушхуэ зыхэлъ романым XIX лIэщIыгъуэм Кавказ зауэр зэхэзыубла къэралыгъуэжьхэм я лIыкIуэхэм зэрахьа щIэпхъаджагъэхэри, лъэпкъ-щхьэхуитщIыжакIуэ бэнэныгъэм и лIыхъужьхэм я IуэхущIафэхэри убгъуауэ къыщыгъэлъэгъуэжащ. БлэкIам къыхэхыпхъэ дерсхэри щыщIэуфакъым МафIэдзым и «Гъыбзэ хуэфащэт», «Мыщэ лъэбжьанэ» романхэм: лъэпкъыр хъума хъун щхьэкIэ, «адыгагъэрэ цIыхугъэрэ, акъылрэ Iэзагърэ, губзыгъагъэрэ зышыIэныгъэрэ» къигъэлъэгъуэн зэрыхуейр «дэтхэнэ адыгэми и фIэщ зэрыщIыпхъэр».

Иджырей адыгэ романым хэтлъагъуэ къыщхьэщыкIыныгъэхэм ящыщщ лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм къэхъуа Iуэхугъуэхэр зэшэлIэнри. Абы и щапхъэщ Мэлбахъуэ Э. «Шынагъуэт Iуащхьэмахуэ кIуэ гъуэгур» и романыр. А Iэмалыр къагъэсэбэпащ КIыщокъуэ Алими («Лъапсэ»), Журт Биберди («Гъуэжькуий»), Къэрмокъуэ Мухьэмэди («Къоджэм уигъэжейркъым»). Иджырей лъэхъэнэм и зыужьыныгъэхэр, щIэныгъэр здынэса лъагапIэхэр тегъэщIапIэ ящIкIэрэ, тхакIуэхэр нэхъ жыжьи маплъэ, къаIэт тхыдэ Iуэхугъуэхэри нэхъ кууэ зэпкърах. Абы и щапхъэщ Къэрмокъуэ Мухьэмэд «Къоджэм уигъэжейркъым» и романыр (1998).

Ди лъэхъэнэгъур зыхэпсэукI дунейр, абы нэрылъагъуу и нэрымылъагъуу и щекIуэкI зэжьэхэуэныгъэхэр къэгъэлъэгъуэным къыдэкIуэу тхакIуэр хущIэкъуащ и лIыхъужьым и псэм щыхъэхэр, абы гукIэ зэригъэзахуэ Iуэхугъуэ куэдыр художественнэ Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ къызэIуихыну. Тхыгъэм хэт лирикэ лIыхъужьыр IэпкълъэпкъкIи псэкIи псыхьауэ къыхокI «Азэмэт» романым. «Къоджэм уигъэжейркъым» романыр япэм пызыщэщ. ГъэунэхупIэ мызэ-мытIэу ихуэ Азэмэт – романым щекIуэкI псори зэхьэлIар – Iуэхугъуэ гугъухэм хэдэн хуей мэхъу. Зэ еплъыгъуэкIэ романыр сюжетыншэ тхыгъэхэм ящыщу къыпщохъу – щхьэгъусэ къыхэхын, унагъэ щIын Iуэхум зэкIэ мыхьэнэшхуэ ептыркъым. Ауэ романым тхыцIакIуэ хуэхъуа а сюжет къудамэм мыщIэ щыгъэу къеблэкIыжащ тхыдэ къхъукъащIэхэри, гъащIэм и удын хьэлъэу лIыхъужьым къытехуэхэм теухуа теплъэгъуэхэри. А IэмалымкIэ – новеллэ щхьэхуэхэмкIэ – тхакIуэм и романыр щIэщыгъуи еджэгъуафIи ищIащ.

Роман-гукъэкIыж, роман-гъэсэныгъэкIэ зэджэ лIэужьыгъуэрщ зыхыхьэр Къэрмокъуэм и тхыгъэр. Апхуэдэу щытми, мы тхыгъэм къыщыхъу-къыщыщIэхэр тхакIуэм къыбгъэдэкIыукъым къызэрыгъэлъэгъуар, атIэ езым и хьэл-щэн, дуней тетыкIэ, гупсысэкIэ зыдэплъагъу, нэгъуэщIу жыпIэмэ, и

прототип Азэмэтщ. Жанрым и лIэужьыгъуэщIэм ар и щапхъэщ. Тхыгъэм и сюжетым и пкъыр зышэщIыр тхакIуэм и нэгу щIэкIауэ къиIуэтэжхэмрэ езыр абыхэм зэрахущытымрэщ. АбыкIэ гъащIэм и пэжыр художественнэ пэжым хуегъакIэ Къэрмокъуэм.

ЗэманкIэ къапщтэмэ, романым къызэщIиубыдэр блэкIа лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэрщ, езы тхакIуэр «гъащIэ зэхэзэрыхьам дыхуэзыша лъэхъэнэкIэ» зэджэрщ. «А илъэсхэм къытпкърыуэу иджы е екIуауэ къыдэфыкI узыфэхэм я хъыбар щымащIэкъым мы тхылъым» [Кармоков 2004: 5] – щыжеIэ пэублэ псалъэм тхакIуэм. Апхуэдэ хъыбар-новеллэ щхьэхуэхэр ятеухуауэ романым уащрохьэлIэ лъэпкъ тхыдэм, щэнхабзэм зи цIэ къыхэна цIыху щхьэхуэхэми: КIуащ Б., Бабич В., Бэрбэч Хь., нэгъуэщIхэми, апхуэдэу езы тхакIуэм адыгэ газетым и редакцэм, радиом къыщыдэлэжьа и ныбжьэгъу-лэжьэгъухэми. А псори зэхыхьэжри зы тхыгъэшхуэу зэхэжыхьыжащ, «цIыху гъащIэ тIэкIум» къыддыхэт дэтхэнэ зыри «имыгъэжейуэ къеджэхэр» и лъабжьэу. 2002 гъэм «Къоджэм уигъэжейркъым» романым литературэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтыр кърататщ.

Лъэпкъ романым и зыужьыкIэр къэхутэным ехьэлIауэ едгъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм къызэрагъэлъэгъуащи, XX лIэщIыгъуэм и 80 - 90 гъэхэм адыгэ литературэр гъуэгущIэ зэрытехьар зэпхар къэралым, цIыхубэм и гъащIэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэрщ. Жылагъуэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэр литературэми къылъэмыIэсынкIэ Iэмал иIакъым. Абы къыхэкIыу зэманым лъэпкъ тхакIуэхэм я пащхьэ къригъэуват къалэныщIэхэр: политикэ, идеологие хэха гуэрым и бжьым щIэмыт, Iуэху еплъыкIэ зэхуэмыдэхэм къагъэщIа тхыгъэхэмкIэ тхылъеджэхэм ядэгуэшэну. КъыжыIэн хуейщ, 80 гъэхэм я кIэухым – зэхъуэкIыныгъэмрэ нахуагъэмрэ я илъэсхэм – литературэр лъэхъэнэщIэм хуагъэхьэзырами, адыгэ тхакIуэ псори абы занщIэу зэремыувэлIар (Гъубж М. «Iущым хешыр и Шыхулъагъуэ», ХьэхъупащIэ Хь. «Гъуэгущхьиблыр щызэхэкIым», Нало А. «Псы Iуфэм Iут унэ цIыкIу» романхэр, нэгъуэщIхэри). Ауэ зэхъуэкIыныгъэхэм лъэпкъ литературэр куэдрэ щтэIэщтаблэу щагъэтакъым, гъащIэм набдзэгубдзаплъэу кIуэцIрыплъ тхакIуэ пажэхэм щIэх къагурыIуащ зэманыр зыхуэныкъуэ, жылагъуэр зыщIэупщIэ литературэ лIэужьыгъуэр.

Мы лъэхъэнэм адыгэ прозэм зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм ящыщу къыхэбгъэщ хъунущ романтизмэм и теплъэщIэ къагъэщI хуэдэ ар зэракудэу щыта этнографизмэмрэ фольклоризмэмрэ, дауэдапщэ ехьэжьахэмрэ псалъэ дыгъэлхэмрэ нэхъ мащIэ зэрыщыхъуари. Зы художественнэ тхыгъэм къыхэкIым адрейм Iэпхъуэурэ лъэпкъ прозэм къыщызыкIуэхь хъыбархэмрэ мифхэмрэ мащIэ зэрыхъуам литературэр цIыхухэр зыхэпсэукI дунейр, абыхэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэхэр нэхъ убгъуауэ къэгъэлъэгъуэным, психологизмэр нэхъ куу хъуным хуишащ.

Иужьрей зэманым дунейм къытехьа тхыгъэхэр щыхьэт тохъуэ лъэпкъ прозэм и жанрхэм зэрызаубгъуар, роману къыдэкIри нэхъыбэ зэрыхъуар. Абыхэм яхэтщ лэжьыгъэм, унагъуэм, цIыху зэхущытыкIэхэм ехьэлIа романхэри. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, Журт Б. и «Унагъуэ», Кхъуэхъу Ц. и «ФатIимэт», «Анэм и пэш», Емкъуж М. и «Дунейпсо псыдзэ», БакIуу М. и

«МафӀэ лыгъей» романхэр. Художественнэ литературэм нэхъ мащӀэрэ фӀэкӀ къыхэмыщ курыт лӀэщӀыгъуэхэм адыгэхэм я псэукӀар къыщыгъэлъэгъуэжахэри дуней къытехьащ. А лъэхъэнэм адыгэхэм къахэкӀа цӀыху цӀэрыӀуэхэм ятеухуащ Жылэтэж С. и «Пащтыхь хужьым и лӀыкӀуэ» романыр, Бекович-Черкасскэр лӀыхъужь нэхъыщхьэу зыхэтыр; Бэлагъы Л. и «Гуащэнэ» романыр, Идар Темрыкъуэ ипхъумрэ Иуан Шынагъуэмрэ я гъащӀэ теплъэгъуэхэр къыщыгъэлъэгъуэжар, нэгъуэщӀхэри.

Лъэпкъ романхэм къыщаӀэт темэхэми хэхъуащ, класс бэнэныгъэм тещӀыхьа художественнэ конфликтхэм къапыкӀри гъащӀэмрэ цӀыхухэм я зэхущытыкӀэхэмрэ къагъэщӀ коллизиехэр щытепщэ тхыгъэхэм бжьыпэр яубыдащ. Нэхъапэхэм зытемыгушхуэу щыта Ӏуэху бгъэдыхьэкӀэхэр, къэӀуэтэкӀэхэр, иджырей щӀалэгъуалэм я псэлъэкӀэ щхьэхуэхэр нэхъ тегушхуауэ къагъэсэбэп хъуащ. Совет зэманым лъэпкъ прозэм хабзэ щыхъуауэ щыта хъэтӀ убзыхуам емыщхьу дэтхэнэ тхакӀуэми езым и тхэкӀэрэ жыӀэкӀэрэ къигъуэтыжыну хущӀокъу. Абы и фӀыгъэкӀэ авторым и «макъыр, и Ӏуэху еплъыкӀэр» нэхъ тегушхуауэ и тхыгъэм къыхыхьэ хъуащ. Иджы ар тещӀыхьауэ щытыжкъым къэралым щекӀуэкӀ политикэ убзыхуам, тхакӀуэм и гупсысэр чэнджэщуи, зэрызэхуагъазэ псалъэуи, джэж пэлъытэуи тхыгъэм ущрохьэлӀэ. А псоми лъэпкъ романыр схематизмэм и къупхъэм къраша щ.

Адыгэ лъэпкъ романым, зэрыщыту прозэм къыщыхъуа зэхъуэкӀыныгъэхэр къризэщӀэпкъуэжу жыпӀэмэ, къыхэгъэщыпхъэщ:

– фэрыщӀагъ лейхэм къапыкӀыу ар цӀыхум нэхъ гъунэгъу зэрыхуэхъуар. Адыгэм и псэукӀэр, гукӀэ зэригъэзахуэ Ӏуэхугъуэхэр, псэкӀэ зыхищӀэ дунейр нэхъ кууэ къигъэлъэгъуэну зэрыхущӀэкъур;

– лъэпкъ прозэр Хэкум, лъахэм я блэкӀам и дерсхэр нобэрей щӀэблэм гъащӀэ гъуэмылэ хуэщӀыным, адыгэхэм я тхыдэ гъуэгуанэм зэхуэщӀауэ щыта и напэкӀуэцӀхэр художественнэ псалъэкӀэ къызэӀухыжыным (КӀыщокъуэ А. «Лъапсэ», МафӀэдз С. «Гъыбзэ хуэфащэт», «Мыщэ лъэбжьанэ», Тыуаршы А. «Псыкъелъэм и макъамэхэр», АбытӀэ В. «Уэсэпс шыугъэ», «Тенджызищым я Тхьэгуащэ», Елмэс I. «Бгъэхэм къуршым къагъэзэж», ШэджыхьэщӀэ Хь. «ЛъыщӀэж», Бэлагъы Л. «Гуащэнэ» романхэр, н.) зэрыхуэлажьэр;

– адыгэ тхакӀуэхэр тегушхуауэ нобэ тотхыхь Октябрь революцэм, Граждан зауэм, 30 гъэхэм екӀуэкӀа политикэ залымыгъэм, Хэку зауэшхуэм цӀыхубэм къыхуахьа гуауэмрэ хэщӀыныгъэмрэ. Ди къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуэщи, 90 гъэхэм я пэщӀэдзэхэм адыгэ тхакӀуэхэр а Ӏуэхугъуэхэм иджыри гуитӀщхьитӀ ящӀу щытащ (Журт Б. «Гъуэжькуий», Гъубж М. «Ӏущым хешыр и Шыхулъагъуэ», ХьэхъупащӀэ Хь. «ГущӀэгъуншэ», АбытӀэ В. «Ирамышыжа нысащӀэ», БакӀуу М. «МафӀэ лыгъей» романхэр, нэгъуэщӀхэри);

– XX лӀэщӀыгъуэм и кӀэхэм ди къэралым, дунейм къыщыхъуа тхыдэ Ӏуэхугъуэшхуэхэм я жьауэм щӀэту лъэпкъ романыр хущӀокъу иджырей дунейм къыщыхъу-къыщыщӀэхэр къиихутэну, гурыӀуэгъуащэу щымыт нобэрей псэукӀэм гугъу иригъэхь цӀыхухэм къащхьэщыжыну, хэкӀыпӀэ гуэрхэр къахуилъыхъуэну (КӀыщокъуэ А. «Лъапсэ», ХьэхъупащӀэ Хь. «Гъуэгущхьиблыр щызэхэкӀым», Елгъэр К. «ШейтӀан удж», АбытӀэ В. «Хамэ фыз», «КӀуакӀужь» романхэр);

– адыгэ тхакIуэхэм къагъэсэбэп художественнэ Iэмалхэми заубгъуащ, псом хуэмыдэу абыхэм зыщаужьащ лирическэ, романтическэ прозэм. Нэхъ тегушхуауэ тхакIуэхэм я псалъэхэр къахэIукI хъуащ тхыгъэхэм. Иджы ахэр нэхъыбэрэ къыщагъэсэбэп персонажхэм я диалогхэм, авторым и гупсысэр къыщыIуэта Iыхьэхэм, уеблэмэ чэнджэщхэм щыхуэкIуэжи къэхъуу. Нобэрей лIыхъужьым, ар къэзыухъуреихь дунейм и шыфэлIыфэр, нэмыжыIысауэ щымыту, хуиту къаIуатэ хъуащ, ар иджырей литературэм и нэщэнэ нэхъыщхьэщ.

## ИСТОЧНИКИ И ЛИТЕРАТУРА


Бештоков 1985 – *Бештоков Х.К.* Каменный век [Мывэ лъэхъэнэ]. – Нальчик: Эльбрус, 1985. – 164 с.

Журтов 2004 – *Журтов Б.К.* Семья [Унагъуэ]. – Нальчик: Эльбрус, 2004. – 296 с.

История адыгской… 2013 – *История адыгской* (кабардино-черкесской) литературы: в 2-х т. Т. 2 [Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэм и тхыдэ. ЕтIуанэ тхылъ]. – Нальчик: ООО «Тетраграф», 2013. – 480 с.

Кармоков 2004 – *Кармоков М.М.* Зов в ночи [Къоджэм уигъэжейркъым] // Кармоков М.М. Избранное. Т. 3. – Нальчик: Эльбрус, 2004. – 460 с.

Кошубаев 2004 – *Кошубаев Дж.Х.* Абраг. – Нальчик: Эльбрус, 2004. – 294 с.

Мафедзев 1998 – *Мафедзев С.Х.* Медвежий коготь [Мыщэ лъэбжьанэ]. – Нальчик: Эльбрус, 1998. – 452 с.

Тимижев, Тхагазитов 2009 – *Тимижев Х.Т., Тхагазитов Ю.М.* Адыгский роман: эволюция жанра и художественно-эстетические особенности. – Нальчик: КБИГИ, 2009. – 168 с.

Шаов 1989 – *Шаов К.Х.* Ошибка [Щыуагъэ] // Адыгское слово [Адыгэ псалъэ]. – 1989. – 14 марта. – С. 4.

Шекихачев 1994 – *Шекихачев Х.Т.* Месть [ЛъыщIэж] // Избранное. Т. 2. – Нальчик: Эльбрус, 1994. – 518 с.


## REFERENCES


BESHTOKOV Kh.K. *Kamennyi vek* [The stone age]. – Nal'chik: El'brus, 1985. – 164 p. (In Kabardian)

*Istoriya adygskoi (kabardino-cherkesskoi) literatury* [History of the Adyghe (Kabardin-Circassian) literature]. Vol. 2. – Nal'chik: OOO «Tetragraf», 2013. – 480 p. (In Kabardian)

KARMOKOV M.M. *Zov v nochi* [The call in the night]. IN: Karmokov M.M. *Izbrannoe* [Selectad writings]. Vol. 3. – Nal'chik: El'brus, 2004. – 460 p. (In Kabardian)

KOSHUBAEV Dzh.Kh. *Abrag* [Abragh]. – Nal'chik: El'brus, 2004. – 294 p. (In Russian)

MAFEDZEV S.Kh. *Medvezhii kogot'* [The bear's claw]. – Nal'chik: El'brus, 1998. – 452 p. (In Kabardian)

SHAOV K.Kh. *Oshibka* [Mistake]. IN: *Adygskoe slovo* [Adyghe word]. – 1989. – 14-th march. – P. 4. (In Kabardian)

SHEKIKHACHEV Kh.T. *Mest'* [Revenge]. IN: *Izbrannoe* [Selected writings]. Vol. 2. – Nal'chik: El'brus, 1994. – 518 p. (In Kabardian)

TIMIZHEV Kh.T., TKHAGAZITOV Yu.M. *Adygskii roman: evolyutsiya zhanra i khudozhestvenno-esteticheskie osobennosti* [Adyghe novel: evolution of the genre, artistic and aesthetic specificities]. – Nal'chik: KBIGI, 2009. – 168 p. (In Russian)

ZHURTOV B.K. *Sem'ya* [The family]. – Nal'chik: El'brus, 2004. – 296 p. (In Kabardian)